



Ap chèche asistans pou imigrasyon



Antanke yon timoun ki pa akonpaye oubyen moun ki responsab swen li, li enpòtan pou ou konprann dwa ou yo ak enpòtans pou ou jwenn reprezantasyon legal. Yon avoka imigrasyon oswa yon reprezantan legal akredite pa Depatman Lajistis (DOJ) ka ede asire konfòmite timoun lan avèk pwosedi imigrasyon li yo epi aplike pou soulajman legal pou ede timoun nan rete nan Etazini pou yon bon bout tan.

Kijan m ka jwenn asistans legal pou imigrasyon?

Ou ka itilize anyè sou entènèt ou ka fè konfyans tankou:

- [Anyè Sèvis Legal Imigrasyon Nasyonal \(Rezo Defansè Imigrasyon\)](#)
- [Lis Founisè Sèvis Legal Pro Bono EOIR](#)
- [Divizyon Sèvis Legal Imanite USCRI](#)
- [Anyè Resous Kominotè USCRI a](#)
- [Imigran Enfòmè](#)
- [ImportaMí](#)

Ou kapab jwenn èd legal tou atravè yon rekòmandasyon nan men yon zanmi oswa yon manm fanmi; sepandan, asire w ou poze kesyon sou kalifikasyon reprezantan legal la pou pwoteje tèt ou kont fwod.

Konbyen sèvis legal imigrasyon yo koute? Èske sèvis yo disponib gratis oubyen yo a pri abòdab?

Pri sèvis legal imigrasyon yo ka varye anpil, soti nan \$0 (pro bono) rive plis pase \$10 000 pa ka.

Òganizasyon ki pa pou pwofi yo souvan bay sèvis pro bono ak a pri ki ba. Sèvis pro bono yo ofri gratis, alòske sèvis ki pa koute chè yo ofri a pri redui.

Avoka prive yo kapab ofri tou rabè sou yon barèm degresif, sa vle di pri a varye selon revni kliyan an, sa ki fè sèvis yo pi abòdab pou moun ki gen pi ba revni.

Li enpòtan pou fè rechèch epi kontakte plizyè founisè pou konprann frè ki enplike yo. Elijibilite pou sèvis ki pa koute chè ka depann de gwosè fanmi ou ak revni ou. Nan kèk zòn, li ka difisil pou jwenn avoka pro bono oubyen avoka ki pa koute chè, kidonk asire w ou mande enfòmasyon sou sèvis ki gen rabè oubyen opsyon plan peman tou.



Feyè sa a se pou rezon enfòmasyon sèlman epi li pa reprezante konsèy legal.

Ap chèche asistans pou imigrasyon

Ki diferans ki genyen ant yon notè, yon avoka, ak yon reprezantan akredite pa DOJ?

Nan Etazini, yon "notè piblik" se yon moun ki ka fonksyone kòm temwen pou dokimante siyati epi administre sèman, men ki pa ka bay konsèy legal, sitou sou zafè imigrasyon.

Yon avoka dwe gen lisans pou pratike lalwa, li dwe fin fè lekòl lalwa epi li dwe reyisi egzamen avoka a, epi li ka reprezante kliyan nan tout zafè legal, tankou tribinal imigrasyon.

Yon reprezantan akredite DOJ, okontrè, se yon moun ki pa avoka ki otorize pa Depatman Lajistis (DOJ) pou bay sèvis legal imigrasyon anba sipèvizyon yon òganizasyon ki rekonèt. Yo ka bay konsèy legal epi reprezante kliyan devan tribinal ameriken yo. Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon (USCIS) ak tribinal imigrasyon an, men konpetans yo limite a zafè imigrasyon sèlman.

Li enpòtan pou w pran mezi pou pwoteje tèt ou kont fwod nan men moun ki pa kalifye ki pretann yo se avoka imigrasyon oswa reprezantan legal: pa egzanp, moun sou rezo sosyal yo (Facebook, TikTok, Instagram) k ap bay konsèy legal san kalifikasyon apwopriye. Konnen byen ke swiv konsèy yo ka mennen nan konsekans grav. Toujou verifye kalifikasyon nenpòt moun k ap bay konsèy sou imigrasyon epi chèche èd nan men yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan akredite.

Pou plis enfòmasyon sou fwod notè, tanpri [klike la a](#).



Kesyon pou poze anvan ou pran yon randevou pou yon konsiltasyon ak yon avoka oswa yon reprezantan legal

- Èske ou gen eksperyans nan travay ak timoun ki pa akonpaye (UC) ki rive Etazini san paran/gadyen legal yo epi ki te lage anba gad Biwo Reyentegrasyon Refijye (ORR) bay yon moun ki apwouve pou parenn yo Etazini?
- Èske ou gen eksperyans nan travay sou ka timoun k ap viv ak yon moun ki parenn li ki pa gadyen legal moun UC? (Pou plis enfòmasyon sou gad legal, [klike la a](#).)
- Èske ou ka ede yon moun ki parenn li jwenn titè/gad legal, oubyen èske ou t ap refere ka a bay yon avoka dwa fanmi?
- Èske ou gen eksperyans ak diferan kalite soulajman legal pou timoun imigran tankou Azil oswa Eitati Espesyal pou Jèn Imigran (SIJS)? (Pou plis enfòmasyon sou SIJS, [klike la a](#).)
- Èske gen yon frè fiks yon sèl fwa oubyen èske gen yon plan peman ki disponib? Èske ou chaje yon montan fiks oswa pa èdtan?

Feyè sa a se pou rezon enfòmasyon sèlman epi li pa reprezante konsèy legal.

Ap chèche asistans pou imigrasyon

Kijan m ka prepare m pou yon konsiltasyon avèk yon avoka oswa yon reprezantan legal?

Pou sipòte ka w la, pote dokiman enpòtan ki pwouve prezans ou nan Etazini. Pou timoun ki pa akonpaye, sa gen ladan l:

NTA (Avi pou parèt)

Pake pou dechaje ki soti nanabri ORR la

Sètifika nesans

Dokiman paran timoun nan siyen, tankou yon lèt deziyasyon swen oswa yon pouvwa avoka.

Nenpòt lòt dokiman ou resevwa nan men tribinal la oswa DHS (Depatman Sekirite Entèn).



Lòt dokiman itil pou pote:

- Prè revni moun ki patwone/moun k ap bay swen an pou detèmine si yo kalifye pou yon plan peman
- Dosye medikal, dosye lekòl, resi avantaj, resi peman, lòt dosye tribinal, elatriye.

Prepare w pou pataje avèk avoka a oswa reprezantan legal la nenpòt detay sou abi, neglijan, chòk oswa viktimizasyon nan tan lontan, oswa eksplike poukisa ou pè retounen nan peyi w. Malgre enfòmasyon sa a ka difisil pou pataje, li enpòtan pou avoka a konnen tout istwa ou pou l ka detèmine ki fòm rekou legal ou ka kalifye pou li.



Ki kesyon mwen ta dwe poze avoka a pandan premye konsiltasyon an?

- Ki kalite èd legal mwen ka kalifye pou li? (Pou plis enfòmasyon sou diferan fòm rekou legal, [klike la a.](#))
- Ki moun ki pral sipèvize dosye mwen an?
- Ki delè mwen ta dwe espere?
- Ki chans mwen genyen pou m reyisi?

Feyè sa a se pou rezon enfòmasyon sèlman epi li pa reprezante konsèy legal.

Ap chèche asistans pou imigrasyon

Kisa m ka fè pou pwoteje tèt mwen kont fwod imigrasyon?

- Rekrite sèlman yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan ke DOJ akredite ki gen tout otorizasyon pou parèt nan tribinal.

Pou verifye si avoka a gen lisans pou pratike lalwa atravè Asosyasyon Avoka Ameriken an, [klike la a](#).

Pou verifye kalifikasyon yon reprezantan ki akredite pa DOJ, [klike la a](#).

- Mande pou avoka a oswa reprezantan legal la ba ou yon kontra reprezantasyon alekri ki eksplike byen klè sèvis yo ak kondisyon peman yo. Pran tan pou li ak konprann kondisyon yo ki nan kontra a. Ou pa ta dwe santi w prese pou aksepte oswa siyen kontra a.
- Mande yon resi pou chak peman ak kopi tout dokiman avoka a oswa reprezantan legal la soumèt pou ou.
- Pa janm siyen dokiman vid, enkonplè oswa ki pa klè.
- Pa siyen dokiman ki gen fo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki pa kòrèk.



Lòt konsèy

- Egzamine sitwèb avoka oubyen reprezantan legal la pou enfòmasyon sou eksperyans li ak konesans li nan dwa imigrasyon.
- Tcheke si avoka a oswa reprezantan legal la te sibi mezi disiplinè (sispansyon oswa revokasyon) atravè Etazini [Depatman Jistis](#).
- Vizite [Avvo](#) epi li avi ak nòt kliyan yo kite pou avoka a.



Sonje byen:

Li enpòtan pou w byen verifye konpetans yon avoka oswa yon reprezantan legal pandan w ap poze kesyon epi swiv etap ki dekri pi wo yo anvan w siyen yon kontra.

Feyè sa a se pou rezon enfòmasyon sèlman epi li pa reprezante konsèy legal.